

E si mwen pa gen asirans sante epi mwen pa ka peye fakti lopital la?

Maimonides Medical Center founi pri redwi pou rezidan nan Nouyòk la ki ge revni ki ba ki pa gen asirans oswa ki te fin itilize tout benefis sante yo genyen yo, epi founi sèvis ka dijans tou ak yon regilasyon espesyal. Asistans finasyèl disponib pou sèvis dijans pou rezidan Eta Nouyòk k gen revni ki ba. Yo konsidere pasyan yo ki genyen revni ki ba, si revni tout fanmi an mete ansanm genyen yon revni ki anba pousantaj nivo pòvrete federal la epi byen yo tès pa depase limit la.

Asistans dinasyèl tu ka disponib, sou yon baz de ka-à-ka, pou pasyan ki pa ranpli kritè elijiblite finasyèl la men ki fè fas ak depans medikal.

Èske tout sèvis yo kouvri?

Sèvis la dwe yon nesosite medikal epi si se yon sèvis Maimonides Medical Center ofri. Annapre la se sèvis polisi an pa kouvri:

- Atik ki pa nesese medikalman (e.g. pwosedi kozmetik);
- Atik ki pa gen benefis klinik oswa terapetik(e.g., telefòn, televizyon ak pri ekstra pou chanm prive);
- Sèvis ke se pa lopital la ki fè fakti yo (e.g., sèvis anestezi, sa fizisyen an chanje); ak
- Kò-peman ak dediktib yo.

Kijan mwen pral fè pou m konnen kisa ki kouvri?

Lè ou aplike pou asistans finasyèl, Nou pral di w ki sèvis ki disponib pu kouvèti.

Kisa mwen gen pou fè pou yo konsidere m pou yon pri redwi?

Ou dwe pale avèk Konseye Finans la ki pral travay avèk ou pou detèmine si ou elijib pou asistans piblik (e.g., Medicaid (Mediked), Family Health Plus , Child Health Plus, Pwogram Asistans Swen Prenatal), yon frè redwi, oswa sistans finasyèl. Tanpri kontakte Depatman Sèvis Finans la nan 718-283-7790 pou kòmanse pwosedi an. Pou sèvis ki annafè pou Swen Mantal tanpri kontakte Registwa CMHC la nan 718-283-8144.

Èske mwen kalifye pou yon pri redwi?

Pwogram asistans finasyèl la baze son nivo pòvrete dederal la pou dimasyon yon fanmi ak revni yo, ak tou lajan likid yo genyen mete ansanm (kont labank, stòk, bon). Pasyan ki genyen yon revni famiyal de 300% nivo pòvrete federal la oswa pli ba prezonptivman elijib pou diskont. Montan diskont la diferan depann sou revni ekzak pousantaj fanmi (0%-300%) nan nivo pòvrete federal la ak kalkilasyon tès byen yo.

Anplis pou elijiblite finasyèl, ou dwe founi sèten dokiman pou aplikasyon asitans finasyèl la oswa koòpore avèk estaf k ap ede yo nan pwosedi an. Tanpri konnen byen si ou pa elijib pou yon pri redwi si ou ka resevwa sistans nan yon pwogram asirans piblik patnerya(e.g.,

Medicaid (Mediked), Family Health Plus , Child Health Plus, Pwogram Asistans Swen Prenatalm). Pou elijiblite pou pri redwi an, ou dwe founi tout enfòmasyon ak dokimantasyon yo bezwenansanm akkoòpore an estaf finans Maimonides' yo.

Ou dwe mete demann pou asitans finasyèl la nan lespas de 90 jou de dat ou te resevwa sèvis yo pou ki ou bezwen an asistans finasyèl la.

Konbyen tan pwosedi aplikasyon pral pran?

Lemoman ou konplete aplikasyon an epi founi tout dokimantasyon ak enfòmasyon yo mande yo, Depatman Sèvis Finans Maimonides Medical Center a ak pou sèvis ki gen relasyon ak Ofis Registwa CMHC an pral revize enfòmasyon an epi pran yon desizyon nan lespas de 10 jou biznis. Si ou resevwa yon fakti pandan w ap tan repons sou aplikasyon w la, sa pa vle di ke yo denye demann ou an pou pri redwi.

Kijan mwen pral fè pou m konnen si m apwouve?

Depatman Sèvis Finans la oswa Ofis Rejistwa CMHC la pral notifiye w alekri si ou pa yo apwouve oswa denye aplikasyon w la pou pri redwi. Si ou apwouve, yo pral enfòme w sou montan pri redwi w la.

Kisa ki pral rive si yo denye aplikasyon m la?

Nou pral travay avèk ou pou devlope yon plan peman ki reyalistik epi ki jis, pandan

ke y ap rekonèt obligasyon finasyè pou sèvis yo te founi yo.

Si yo denye aplikasyon w la ou gen dwa pou fè yon apèl sou desizyon an nan lespas de 30 de notifikasyon ou resevwa an. Vis Prezidan Finans la (Sèvis Finans yo) ak pou sèvis Sikyatri, Administratè pou Sikyatri an pral deside apèl yo. Apèl yo dwe fèt alekri (oawa an pèsòn, ak randevou) pou Vis Prezidan Finans la (Sèvis Finans yo) nan adrès ki annapre la:

**4802 Tenth Avenue
Brooklyn, NY 11219
718- 283-7753**

Sepandan, si yo denye apèl la Konsey Finansyèl la pral traay avèk ou pou yon aranjman plan peman.

Kisa ki pral rive si mwen apwouve epi mwen bezwen tretman adisyonèl?

Apwobasyon elijiblite valid pou yon ane, ki aprati de moman sa pral bezwen pou yo revize elijiblite ankò.

Kisa ki pral rive si mwen apwouve epi vle pou m peye sa mwen dwe yo an ak vèsman pasyèl?

Pasya k ap resevwa sistans finasyèl ka mande Konseye Finansyèl la pou fè aranjman pou vèsman pasyèl.

Èske preskripsyon, sèvis sikyatrik ak sèvis mezon de swen kouvri nan plan asistans finasyèl an?

Preskripsyon ak sèvis mezon de swen pa kouvri. Sèvis sikyatrik pou pasyan ki entènè ke Maimonides Medical Center fasilite yo founi kouvri, men yon pwogram asistans finasyèl ki separe ekziste pou pasyan anbilan ki bezwen swen mantal. Si ou ta renmen jwenn plis enfòmasyon sou asistans finasyèl pou pasyan sikyatrik anbilan, tanpri rele Manadjè, Operayson Finans Pou Sikyatri an nan 718-283-8144.

Èske mwen kajwen tès laboratwa mwen bezwen anba plan sèvis finasyèl la?

Pri redwi yo disponib pou tès laboratwa, radyografi ki nesèsè medikalman ak lòt sèvis ansilye ke Maimonides fè ki ou ranpli kritè pou elijiblite an.

Si mwen resevwa sistans sa èske yo kite piblik la konnen?

Yo kenbe tou enfòmasyon aplikasyon w yo konfidansyèl.

**Si ou ta genyen plis kesyon adisyonèl, tanpri rele
Depatman Sèvis Finans
718-283-7790**



**Pwogram
Asistans
Finasyèl**

**Kesyon Ki
Mande Souvan**